AVI DE RÈGLEMAN AN

Policy Title: Tarif Ranbousman Asistans Finansye pou Gadri/Swen Familyal pou Ane Fiskal 2025

Nimewo Règleman: CCFA-25-04

Dat li Pibliye: 5/7/2025

Dat li Kòmanse: 7/1/2024

REZIME JENERAL

Atravè bidjè leta 2025 pou Ane Fiskal eta a ak yon lòt bidjè siplemantè, yo te bay $22.5 milyon dola pou ogmante pousantaj ranbousman pou edikasyon pou timoun piti ak founisè gadri/swen ki pran swen timoun ki gen fanmi yo resevwa Asistans Finansye pou Gadri/Swen Timoun (CCFA). Manm Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti yo te apwouve yon plan ogmantasyon pousantaj ki enkli yon ogmantasyon jeneral pou tout tarif yo ansanm ak ajisteman adisyonèl ki vize pousantaj espesifik pa rejyon ak gwoup laj pou fè pwogrè sou inegalite nan kantite lajan yo, ki baze sou pri pou bay swen

EEC te aktyalize pousantaj CCFA pou founisè gadri familial yo nan dat 1ye Me 2025. Ogmantasyon tarif sa a retwoaktif jiska 1ye jiyè 2024, ki vle di ogmantasyon pousantaj yo pral aplike pou sèvis yo bay yo apati 1ye jiyè 2024 oswa aprè. Founisè Gadri/Swen Familyal yo pral resevwa yon pèman yon sèl fwa an Me ki gen rapò ak ogmantasyon tarif retwoaktif yo.

Tanpri sonje: faktirasyon an pral trete pi vit posib. Nou apresye pasyans ou pandan EEC ap aplike ogmantasyon tarif sa yo.

APLIKABILITE

Règleman sa a aplikab a tout founisè swen/gadri familyal ki te aksepte Asistans Finansye pou Swen/Gadri pou Timoun nan men eta a.

AKTYALIZASYON KLE YO

Chanjman kle nan ogmantasyon tarif Gadri/Swen Familyal EEC yo enkli:

- Yon ajisteman de 1% pou pri-lavi chè an nan tout tarif gadri/swen familial yo.
- Tarif kèk Gadri/Swen Familyal pral ogmante pi plis akòz de:
    - Ogmantasyon pousantaj nou vize yo nan rejyon kote pousantaj yo pi lwen pase pri pou bay swen yo;
    - Yon ogmantasyon nou vize pou tarif Nòdès yo pou plis pase 2 zan pou rekonèt pri swen relative yo parapò ak lòt rejyon yo; ak/oswa
    - Efò entansyonèl pou deplase pousantaj yo nan omwen 67% nan pri aktyèl la pou bay swen jan sa defini nan dènye etid sou pri yo ki te komisyone pa EEC .

RESOUS YO

Pou plis enfòmasyon, ou ka **tarif estanda debaz chak jou** epi jwenn **repons a kèk kesyon moun souvan poze isi a**.

If Si oumenm oswa estaf ou a gen kesyon, oswa bezwen sipò anplis, tanpri kontakte eecsubsidymanagement@mass.gov.

NON-AKTYALIZASYON

Estrikti tarif Ane Fiskal 2025 la ranplase estrikti tarif ajans la apati de Ane Fiskal 2024 la.